

Tanya's Reunion

Tanya pa te kapab rete tann pou li vizite bitasyon nan Vijini (Virginia) kote grann li te grandi a ! Kote tou, nan senk premye prezidan Etazini kat ladan yo te fèt nan Vijini ki te : George Washington, Thomas Jefferson, James Madison, James Monroe. Li te chofe pou li ale pase yon tan ak Granmè epi pou li ede nan preparasyon gwo reyinyon fanmi ki ta pral fèt la.

Men lè Tanya rive nan fèm lan, pa gen anyen ki te jan li te imajine a. Kay ki te sou fèm lan te ansyen e li te plen pousyè. Lapli te toujou ap tonbe. Lannwit rive Tanya ale dòmi, men li te mizerab, se apèn li te goute soupe li. Li sonje lakay li ak chanm li. Li sonje manmann, papa l e memm Tèd ak Jim. Tanya pa te kontan. Li te anvi tounen lakay li.

Demen matin, pandan Tanya ap kouri desann eskalye yo, li kanpe nan chanm matant Kay, chanm sa se ladan tout souvni fanmi an ye. Anpil diferan kalite kouvrelè tout koulè, nap ak napkin brode an krochè, bèl rad tibebe, yon dodin, yon bèso, batri kizin, zouti pou jaden, moul pou fè bouji ak kelke jwèt, te genyen menm yon bale lè moun ap marye pou vole, se yon koutim nan tan esklavaj. Tout bagay sa yo te byen kondityone ak etikèt sou yo.

Tanya rantre nan kay la nan kizin nan se la li rankontre kouzen ak kouzin li yo; Celeste, ak pitit li yo, Tibebe Adam e Keisha ki genyen sèt ane. Bon sant manje te envay Kizin la ki te fè bouch Tanya kouri dlo.

Lè Granmè finalman reyalize te gen yon pwoblèm, li fè yon chita ak Tanya pou li koze ak li. Li pale ak Tanya de granparan li yo ki te bati fèm nan. Granmè mete bra li toutotou kou Tanya e di l li regrèt ke sa lap di li yo pap fè li renmen fèm la .Men Tanya te kòmanse enterese nan koze Granmè tap rakonte yo sou fèm nan..Tanya mande granmè li , si li pat janm santi li sèl. Granmè repond pou li di l: Non Tanya, mwen pa janm santi m sèl paske fèm sa te toujou gen aktivite. “Nou te fè pati de fèm la, e fèm la te fè pati de nou”. Se fèm la ki te bannou dlo, ak yon twati sou tèt nou. Si ou te byen konsa, pouki sa ou te kite fèm la? Se te apre deziyèm gè mondyal, granpè ou Franklin ak lòt moun yo panse yo tap jwenn pi bon opòtinite, nan nò peyi a. Se sa ki fè yo pati kite fèm la .

Tanya ak granmè tap dodine byen dousman, Tanya mande granmè l lè ou ap gade tè sa a , kisa ou wè? Zye granmè vin klere “ Mwen wè matant ak monnonk , kouzen ak kouzin ki te rete nan fèm la, mwen wè granpapa m ak madanm indyen la, se yo ki te bati fèm la nan tan lontan. Eske ou wè granpa? O wi, granpa toujou avèk mwen, men isit la mwen santi l pi pre m Lapli te fè yon ti bese e granmè ajoute pou li di Tanya limem, Keisha, Adam yo fè pati de fèm la tou e se pou tout moun mete men pou travay la fèt.

Tanya, kouzen ak kouzin yo mete bòt nan pye yo, e yo ale ak monnonk John al tite lèt, yo bay poul manje, keyi pòm. Apre yon jounen byen chaje, aswè vini tout moun chita pou yo pran soupe yo ki te yon desè fèt ak pòm, yo bwè limonad ak yon krèm soptyè. Lè yo preske fin manje, Tanya montre yo yon moso bwa nan baryè a ki make initial

R.B.

+

I.F.

(Rose Buchanan and Isaac Franklin)

“Se istwa ou Granmè? Ou menm ak Granpa”. “O wi , pitit mwen. Se yon espesyal souvni de granpapa w ak mwen”. “ Mwen pral mete l nan salon an pou tout moun ka pataje l”. Dekouvèt sa ba li anpil fyète e li santi li konekte ak istwa fanmi li.

Lesson Activities

Supporting Comprehension

1. Define yon famili reinyon?
2. Ki kote istwa sa tap deroule?
3. Kijan Tanya te santi l anvan li ale nan reinyon fanmi an?
4. Ki non kat prezidan ki fèt nan Vijini?
5. Ki jan toudenkou vi Tanya chanje?
6. Konpare konpòtman Tanya lè li fèk ale nan fèm la ak lè li fin pale ak Granmè li?
7. Lè Tanya jwenn moso bwa ki ekri inityal Granmè ak granpè ki efè sa te fè sou Tanya?
8. Pouki sa otè a di Tanya te sonje Ted ak Jim?
9. Pouki sa ou panse tout bagay ki te nan Chanm matant Kay la gen etikèt sou yo?
10. Pouki sa otè fè granmè di “Nou fè pati de fèm la, e fèm la fè pati de nou?”

Nap panse de istwa sa a?

1. Dekri relasyon ant Tanya ak granmè l. Ki sa yo te santi youn pou lòt?
2. Nan cham matant Kay se la yo te serre tout bagay fanmi a. Kisa ou panse bagay sa yo ajoute nan reinyon an?
3. Ki efè moso bwa baryè a fè sou granmè? Itilize detay pou eksplike repons ou?
4. Si fanmi ou ap fè yon reinyon ki bagay ou panse ta pote pou prezante e pale de li?
5. Tanya ak Tomás vizite nouvo kote. Kisa yo aprann de nouvel eksperyans yo?

Nap Ekri

Ekri yon istwa sou Rose Buchanan ak Isaac Franklin.